

# Rezime Politik Èd Finansyè Medikal la

Kaiser Permanente gen yon pwogram Èd Finansyè Medikal (Medical Financial Assistance, MFA) pou ede pasyan yo peye pou swen yo. Li ka kouvri tout oswa yon pati nan depans ou yo pou swen ki nesesè Kaiser Permanente founi yo, pami yo medikaman. Jwenn èd la depann sou bezwen finansyè yo jan sa dekri pi ba a.

## Kiyès ki kalifye?

Ou ka kalifye si w gen revni ki fèb, ou pa gen asirans oswa si w pa gen ase asirans. An jeneral, ou kalifye pou èd finansyè:

- Si revni fwaye w la egal oswa mwens pase 300% direktiv federal sou povrete a
- Oswa si ou gen depans medikal ki trè elve pa rapò ak revni ou

## Pou kisa pwogram nan gen pou I peye?

Pwogram MFA a kapab ede w peye pou swen ki nesesè Kaiser Permanente founi yo. Sa enkli sèvis ijans, sèvis swen annijans ak sèvis famasi. Pwogram nan ka kouvri tout fakti a oswa yon pati ladan l.

Pwogram nan pa p peye pou:

- Transpò Medikal
- Prim asirans pou swen sante
- Depans ki gen rapò ak chiriji estetik, swen pou enfètilite, oswa matènité sibstitisyon
- Swen sante yo founi andeyò Kaiser Permanente
- Swen yon founisè swen sante ki nan Kaiser Permanente deside ki pa t nesesè medikalman

Pou w jwenn yon lis konplè, li politik MFA a sou [kp.org/mfa](http://kp.org/mfa).

## Kijan pou mwen aplike?

Ou kapab aplike anliy, pa lapòs, pa faks, oswa an pèsòn. Mwayen ki pi rapid pou w aplike a se ale sou [kp.org/mfa](http://kp.org/mfa) epi enskri pou w resevwa yon lyen k ap mennen w nan aplikasyon anliy sekirize nou an. Aplikasyon anliy la gen pou l poze yon seri kesyon pou detèmine si w kalifye.

Ou kapab jwenn yon aplikasyon vid tou pou w ranpli sou [kp.org/mfa](http://kp.org/mfa).

Ou kapab aplike nan nenpòt ki pwen nan pwosesis admisyon oswa faktirasyon an. Ou pa bezwen tann yon fakti pou w chèche èd.

Nan kèk ka, pwogram MFA a kapab ede w peye swen w yo san w pa bezwen aplike.

Si w kalifye pou èd, nou p ap fè w peye plis pase montan lajan yo konn faktire w jeneralman an (Amount Generally Billed, AGB) pou swen yo. Ale sou [kp.org/mfa](http://kp.org/mfa) pou w jwenn plis enfòmasyon AGB a.

## Ki enfòmasyon m ap gen bezwen pou m aplike?

Yo gen pou yo mande w enfòmasyon ki vin annapre yo lè w ap aplike:

- Enfòmasyon sou kantite moun ki gen nan fwaye a epi sou revni pou tout granmoun ki nan fwaye a
- Depans pou swen sante yo, si ou menm/nou menm konnen yo
- Prèv revni

Lè w founi prèv revni, sa ede nou detèmine si ou kalifye.

## Kilè m ap konnen si yo apwouve aplikasyon m nan?

Si aplikasyon w lan konplè, nou gen pou n voye yon lèt ba w ki gen desizyon nou an nan entèval 30 jou ouvrab. Si nou refize demann ou an, lèt la ap genyen enstriksyon sou kijan pou w fè yon kontestasyon.

Si aplikasyon w lan pa konplè, nou gen pou n kontakte w. Nou gen pou n ba w yon dat limit pou w bay enfòmasyon ki manke yo. Si aplikasyon w lan rete enkonplè, ou ka pa resevwa èd finansyè a.

## Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon epi politik ak aplikasyon MFA a sou [kp.org/mfa](http://kp.org/mfa).

Enfòmasyon yo disponib nan plizyè lang nan yon fòma ki aksesib pou lektè ekran.

Ou kapab rele tou nan **1-844-412-0919** (TTY 711).

## Lòt èd finansyè

### Jwenn èd pou peye pou swen medikal

Si w pa gen kouvèti pou swen sante, Kaiser Permanente kapab ede w. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou opsyon w genyen yo, rele **1-800-479-5764** (TTY 711). Lendi rive vandredi, 9è a.m. jiska 5è p.m.

### Jwenn èd pou kouvri depans pou w viv yo

Si w bezwen èd pou bagay ki esansyèl yo tankou manje, lojman, peye pou entènèt oswa lòt sèvis piblik, epi plis toujou, ale sou [kp.org/socialhealth](http://kp.org/socialhealth). Oswa rele Sant Soutyen Kominotè a nan **1-800-443-6328** (TTY 711), lendi rive vandredi, 8è a.m. jiska 5è p.m.

## Fason pou w jwenn kopi politik MFA a, aplikasyon an epi enfòmasyon sou pwogram nan

 Anliy  
[kp.org/mfa](http://kp.org/mfa)

 Telefòn  
Rele **1-844-412-0919**  
(TTY 711)

## Fason pou w aplike

 Aplike anliy  
[kp.org/mfa](http://kp.org/mfa)

 Fakse li  
Fakse aplikasyon w ki ranpli a nan 1-855-414-1713

 Voye I pa lapòs  
Voye aplikasyon w ki ranpli a pa lapòs nan adrès sa a:  
Kaiser Permanente  
MFA Program  
2101 East Jefferson Street  
Rockville, MD 20852

 Pase depoze li  
Depoze aplikasyon w ki ranpli a nan Sèvis pou Manm yo nan nenpòt sant medikal Kaiser Permanente.

# NOTICE OF LANGUAGE ASSISTANCE SERVICES

**English:** If you need help in your language, language assistance is available at no cost to you, 24 hours a day, 7 days a week (closed holidays). Call our Member Service Contact Center at 1-800-464-4000 (TTY 711) for help or visit any registration desk for more information at any Kaiser Permanente hospital, Monday through Friday, 8 a.m. to 5 p.m. Aids and services for people with disabilities, like documents in braille, large print, audio, and other accessible electronical formats are also available.

**Chinese:** 如果您需要使用您的语言获得帮助，我们每周 7 天、每天 24 小时免费提供语言帮助（节假日休息）。请致电 1-800-464-4000 (TTY 711) 联络我们的会员服务联络中心以寻求帮助，或前往任何 Kaiser Permanente 医院的登记台了解更多信息，我们的服务时间为周一至周五上午 8 点至下午 5 点。我们还为残疾人提供辅助工具和服务，例如盲文、大字体、音频和其他无障碍电子格式的文档。

**Spanish:** Si necesita ayuda en su idioma, contamos con asistencia de idiomas sin costo alguno para usted las 24 horas del día, los 7 días de la semana (excepto los días festivos). Comuníquese con nuestra Central de Llamadas de Servicio a los Miembros al 1-800-464-4000 (TTY 711) para obtener ayuda. O visite el mostrador de recepción en cualquier hospital de Kaiser Permanente para obtener más información, de lunes a viernes, de 8 a. m. a 5 p. m. También ofrecemos ayudas y servicios para personas con discapacidades, como documentos en braille, letra grande, audio y otros formatos electrónicos accesibles.